

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

VOTÈ MIAMI-DADE COUNTY YO APWOUVE REFERANDÒM BON AN

Votè Miami-Dade yo sipòte lajman referandòm Bon "GO" (Obligasyon Jeneral) \$1.2 milya Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County a, ki ouvri chemen pou modènizasyon ak konstriksyon lekòl atravè distri a, ki gen ladan amelyorasyon teknoloji nan tout lekòl.

Carvalho di yon odyans sipòtè trè chofe nan Lekòl Segondè Miami, "Kalite lavi nan kominote nou an kòmanse avèk edikasyon... Mwen se yon sipèntandan ki eksektivman kontan kounye a paske nou gen lidè ki ekstrawòdinè."

Apwobasyon votè yo bay Bon GO a pote yon solisyon dirab alontèm paske li ofri Lekòl 21yèm Syèk pou tout elèv Miami-Dade. Pwopozisyon bon yo vote a ap gen efè minimòm sou pwopriyete kay òdinè a, paske y ap mete bon yo pwogresivman pandan takspeye yo prèske fin peye Bon GO 1988 yo. Depans konstriksyon pi ba anpil pase pik yo, e pousantaj enterè yo istorikman ba.

Jwenn yon solisyon pou satisfè bezwen kapital Distri a se yon gwo priorite administrasyon distri ki la kounye a te toujou genyen e se yon sijè enkyetid manm Komisyon Konsèy yo te toujou genyen. Atravè sèt dènye ane yo, Distri a te fè gwo efò pou l fè nouvo konstriksyon pou ranplase kèk lekòl, pou satisfè demand lwa sou kantite elèv ki dwe nan yon salklas la. An total, Distri a te ajoute plis pase 105,000 nouvo plas pou elèv.

Puiske pifò finansman kapital resan an fini nan fè nouvo lekòl oubyen agrandi lekòl, kounye a nou ka adrese bezwen lekòl ki pi ansyen yo. Prèske mwaye nan etablisman lekòl Distri a gen plis pase 40 an, e plis pase yon tyè depase 50 an. Defisi nan mache imobilye a atravè senk dènye ane yo e diminisyon nan kapital finansman eta a agrave defisi nan finansman kapital la.

Inisyativ Lekòl 21yèm syèk la pral pote pwosperite ak sekirite nan kominote a paske yo pral investi kapital ki soti deyò konte yo anndan kominote lokal la, e konsa elèv yo pral pi byen prepare pou ekonomi global 21yèm Syèk la. Benefis alontèm kontinyasyon Pwogram GO yo an 2012 depase lontan ogmantasyon minim nan taks yo.

Bon yo pral ede amelyore pwoteksyon ak sekirite nan etablisman lekòl yo; renove oubyen modènize chak lekòl; garanti egalite nan teknoloji atravè tout lekòl; mande ide moun ki konsène pandan y ap minimize fado takspeye yo; pwomote pi bon patenarya piblik/ prive; ofri devlopman ekonomik ak opòtinite pou travay nan kominote nou an; e ofri transparans ak konfidans avèk komite konsèy sitwayen pou asire distribisyon pwòje yo fèt alè e ak egalite. Sipèntandan Carvalho bay garanti 100 pousan pwofi yo pral re-investi nan ekonomi lokal la.

FINALMAN!!! – YO NONMEN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY GAYAN PRIM "BROAD" LA

Yo nonmen "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) gayan prim "Broad" la pou Edikasyon lben, yon prim anyèl ki onore lekòl nan distri iben atravè peyi a, ki ap fè pi gwo pwogrè nan leve siksè elèv yo. Sa fè senkyèm fwa yo rekonèt M-DCPS kòm finalis. Distri a te finalis nan ane 2006, 2007, 2008, ak 2011.

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho di, "Nan kenzan apre, fas peyi a ap jan fas Miami-Dade ye jodi a. Nou se modèl siksè pou yon kantite elèv tout kote ki merite meye kesa. Amerikè se peyi inovasyon e avni Amerikè ap siperyè, de sa nou te eritye... Nou rejwenn konfyans kominote nou an anba pi move sikonstans ekonomik. E nou fè l san nou pa ranvwaye okenn pwofesè oubyen fèmèn okenn pwogram lekòl akòz kondisyon ekonomi an."

Prim Broad la onore lekòl distri iben ki demontre angwo pi bon pèfòmans ak amelyorasyon nan siksè elèv pandan li ap redui eka nan siksè ant gwoup etnik yo e pami elèv nan nivo ekonomi wo e ba. Pèfòmans elèv M-DCPS depase pa elèv nan plizyè gran vil yo nan "National Assessment of Education Progress (NAEP)" (Evalyasyon Pwogrè Edikasyon Nasyonal) "Trial Urban District Assessment (TUDA)" (Esè Evalyasyon Distri lben) nan syans, matematik ak lekti.

Rezilta pozitif sa yo se yon testaman distri lekòl la ki konsantre apwòch li nan enstriksyon lekti, ki gen ladan kan lekti pou ete; entèkansyon lekti nan lekòl elemantè, mwayen e segondè, etou aksantye sou lekti atravè disiplin yo; e yo vize pou gide elèv lekòl mwayen pou pran klas nivo avanse ki ap ogmante pi devan pou yo pran kou Plasman Avanse nan nivo lekòl segondè; pwolonje opòtinite enstriksyon atravè pwogram Lyen pou Aprann, e Akademi Siksè Sipèntandan an.

Yo te anonse Gayan Prim Broad la nan Vil New York e li ap resevwa \$550,000 pou bous etid kolèj pou elèv nan dènye ane lekòl segondè. Lòt finalis ane sa a gen ladan Corona-Norco Unified School District nan Southern California, Distri Lekòl Endepandan Houston nan Houston, Texas e Distri Lekòl Palm Beach County, Florid. Twa finalis yo ap resevwa \$150,000 bous etid kolèj.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

| | | |
|-----------|---------------|----------------------|
| 20 novanm | 10:00 dimaten | Reyinyon Òganizasyon |
| 21 novanm | 11:45 dimaten | Reyinyon Regilye |
| 5 desanm | 11:45 dimaten | Reyinyon Regilye |

YO NONMEN SIPÈENTANDAN ALBERTO M. CARVALHO MEYÈ LIDÈ DISTRI POU ANE A NAN DONE ESTATISTIK

"Florida Department of Education (FLDOE)" (Depatman Edikasyon Florid) nonmen Sipèentandan Lekòl Miami-Dade yo Alberto M. Carvalho gayan Prim Meyè Lidè Distri nan Done Estatistik resamman.

Yo rekonèt Carvalho pou inovasyon ak efikasite li pote nan itilizasyon done estatistik pou dinamize pèfòmans elèv. Yon komite seleksyon te entèvyouve finalis yo e li chwazi sipèentandan lekòl ki itilize estrateji inovasyon yo pi byen nan rechèch sou done estatistik yo, ki chèche nouvo metòd ak opòtinite pou amelyore itilizasyon done yo, e ki konstwi patenarya nan mitan kominote a pou ranfòse sipò nan sèvi avèk sistèm done yo.

FLDOE, nan patenarya avèk Microsoft, te lanse pwogram nan an 2010 pou aksantye sou wòl enpòtan lidè distri yo jwe nan sipòte e ankouraje itilizasyon done estatistik yo, e nan kominike aspè pratik yo genyen pou pwofesè, administratè, paran, elèv ak lòt moun ki gen enterè nan edikasyon.

YO REKONÈT PWOGRAM EDIKASYON FIZIK M-DCPS KÒM MODÈL POU ETAZINI

NIKE, Inc. ak 33 patnè global rekonèt Pwogram Edikasyon Fizik Lekòl Leta Miami-Dade County kòm modèl pou Etazini, nan yon rapò ki rele "Desine pou Bouje: yon Aganda Aktivite Fizik," nan Clinton Global Initiative" nan Vil New York. Rapò a, ki adrese epidemi obezite timoun kòm yon pwoblèm global, idantifye yon plan pou aksyon atravè lemond.

Yo aksantye pwogram lòt peyi kòm ka pou etidye tankou Amerik Disid, Afrik, End, Angletè ak Lachin.

Plis pase 70 ekspè ki soti nan yon gran varyete disiplin te kontribye nan devlopman plan sa a. Yo se chanpyon ki pran angajman pou travay ansanm pou kreye yon nouvo fiti.

Lasyans trè klè. Aktivite fizik fè plis pase kreye bòn sante. Li nan gouvènans, pwodikтивite ak inovasyon. Li redui depresyon ak krim, ogmante edikasyon ak nivo revni, e jenere retou nan biznis. Li libere potansyèl imen, e se sa ki pouse ekonomi pi devan.

Nou ka jwenn tout rapò a nan: http://www.designedtomove.org/downloads/Final_Report.pdf.

M-DCPS AP FÈ YON SEREMONI AK RESEPSYON POU "ALUMNI HALL OF FAME" (ANSYEN ELÈV SELÈB)

Evènman inogirasyon an, ki te fèt 8 oktòb, te rekonèt ansyen elèv M-DCPS ki te fè kontribisyon ekselan nan diferan domèn ak pwofesyon. Anplis, yo te onore edikatè favori ansyen elèv yo pou enspirasyon ak gidans yo te bay elèv yo. Selebrite yo te gen ladan aktè Andy Garcia, ansyen Senatè Etazini Bob Graham, istoryen Dorothy Jenkins Fields, egzekitif Bank Rezèv Federal Juan del Busto, edikatè sou bèt ak plant sovaj Ron Magill, fondatè ak Ofisye Egzekitif Anchèf Amazon.com Jeff Bezos, jenetisyen molekilè Wendy Chung, jwè selèb "baseball" Andre Dawson, aviyatè Barrington Irving, ak otè Brad Meltzer, ansanm ak astwonòt Dominic L. Pudwill Gorie, Thomas K. Mattingly, William B. Lenoir ak Winston Scott.

DAT POU NOU SONJE

Jedi 22 novanm – Jou Remèsiman (Thanksgiving)

Vandredi 23 novanm – Jou Konje

Lendi – 24 desanm – Vandredi 4 janvyè – Konje Ivè

Vandredi 18 janvyè – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

Lendi 21 janvyè – Obsèvasyon Dat Nesans Dtè. Martin Luther King Junior

LEKÒL LETA OKLAHOMA PEYE PARYAJ AMIKAL NAN FINAL NBA YO

An jen dènye, jis anvan Miami Heat te bat ekip Oklahoma City Thunder nan kat match youn apre lòt pou ranpòte Chanpyona Mondyal la, Sipèentandan Lekòl yo Miami-Dade Alberto M. Carvalho ak Sipèentandan "Oklahoma City Public Schools (OKCS)" (Lekòl Leta Vil Oklahoma) Karl Springer te fè yon paryaj amikal sou rezilta Chanpyona NBA a.

An septanm, se te lè pou peye! Daprè règleman paryaj la, Sipèentandan Springer mete yon mayo Miami Heat sou li e anseye yon klas sou istwa Miami pou elèv nan youn nan lekòl li yo. Sipeentandan Carvalho suiv mesaj radyo televize a nan biwo li nan Building Administrasyon Komisyon Konsèy Lekòl la e li te ede anseye klas la.

Yon elèv klas Jadendanfan nan Lekòl Elemantè North Highland te aprann sou "Everglades" nou an, kwokodil, wosiyòl nan eta nou an, ansanm ak sou ji zoranj, Thomas Edison ak sijè yo pi renmen an – "Mickey Mouse" ak "Disney World."

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmàn
Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmàn
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Carlos L. Curbelo
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Martin Karp
Doktè Marta Pérez
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

Jude Bruno
Konseye Elèv pou Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
John Schuster
Ofisye Anchèf Kominikasyon

